ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№229 (22.887) • 2014 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 22, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІымрэ мылъкумрэ я ІуэхуэкъэмкІэ и министрым и Іуэхуэкъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету, зыпэрыт къулыкъыр щхьэщыхуэу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІымрэ мылъкумрэ я ІуэхуэкъмкІэ и министру гъэувын **Бышэн Азрэт Алий и къуэр**.
2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м
№234-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и Іуэхуэкъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министру гъэувын **Рахаев Борис Магомед и къуэр**.
2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м
№235-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым и Іуэхуэкъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІу гъэувын **Къзэанш Людмилэ Борис и пхъур**.
2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м
№236-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ псэупІэм и Іэнатіэм щыкІэлъыплъыныжьмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым и Іуэхуэкъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ псэупІэм и Іэнатіэм щыкІэлъыплъыныжьмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІу гъэувын **Кучменов ТІэхьир Махти и къуэр**.
2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м
№237-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм и унафэщІым и Іуэхуэкъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм и унафэщІу гъэувын **Щыхьмырзэ Мухьэмэд Музэчыр и къуэр**.
2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м
№238-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іуэхуэщ1ап1эхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхуэкъмкіэ и управленэм и унафэщІым и Іуэхуэкъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іуэхуэщ1ап1эхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхуэкъмкіэ и управленэм и унафэщІу гъэувын **КІурашин Анзор Владимир и къуэр**.
2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м
№240-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм пыухыкІауэ хэтхэм я Іуэхуэкъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету **унафэ щІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэр мы къыкІэлъыкІуэхэр зэту къэщтэн:

Мусуков Алий ТІэхьир и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІыр

Альтуд Юрий Къамболэт и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр

Литовченко Татьянэ Василий и пхъур - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр

Дадэ Муіэед Алий и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр-Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрыр

Емуз Нинэ Гъузер и пхъур - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министрыр

Шэт Ирмэ Мухьэмэд и пхъур - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэпыщІэныгъэ хьумэныжьмкІэ и министрыр

Бышэн Азрэт Алий и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІымрэ мылъкумрэ я Іуэхуэкъмкіэ и министрыр

Газаев Мухътар Алий и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министрыр

Къумахуэ Мухьэдин Лалушэ и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрыр

Рахаев Борис Магомед и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрыр

Тутыкъу Анзор Мырэзбэч и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм іуэуэнгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрыр

Тюбеев Альберт Исхьэкъ и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкІэ, цІыхуэр Іэнатіэхэмкіэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министрыр

Хъущт Аслъэнбэч Виталий и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкІэ и министрыр

Шагин Сергей Иван и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курортхэмрэ туризмэмкІэ и министрыр

Къзэанш Людмилэ Борис и пхъур - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІыр

Къудей Арсен Мухьэмэд и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІыр

Кучменов ТІэхьир Махти и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкіэ, тарифхэмрэ псэупІэм и Іэнатіэм щыкІэлъыплъыныжьмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІыр

Надежин Михаил Владимир и къуэр - Урысей Федерацэм Граждан зыхъумжьыныгъэм и Іуэхуэкъмкіэ, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкіэ, къэхъуэ гъэзэгъэуэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьныжьмкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэу)*.

2. Къару ямыІэжу кьэлъыытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм пыухыкІауэ хэтхэм я Іуэхуэкъ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм мазаем и 12-м къыдигъэкІа Указ №149-УГ-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм пыухыкІауэ хэтхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм мазаем и 12-м къыдигъэкІа Указ №149-УГ-мкІэ къыщытаи, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуэкъ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м къыдигъэкІа Указ №146-УГ-м.

3. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м
№241-УГ

Хьэхъул М. Хь. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхыльыр етыным и Іуэхуэкъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэдкІэ хьэлэлу зэрылажьам икІи жылагъуэ Іуэхуэкъм жыджэру зэрыхэтым папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхыльыр етын **Хьэкъул Мэчрэ́ил Хьэтіутіэ и къуэм** - «Налшык» хьэлэ завод» акционер зэгухьэныгъэ зэІуэм и ветеранхэм я пэщІэдзэ организацэм и тхьэмадэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 21-м
№242-УГ

● Дыгъуасэ

Зи чэзу Іуэхуэм ятеуху ауэ

Социально-экономикэ зыужьыныгъэр егъэфІэкІуэныгъэ Урысей Федерацэм и Президентым накъыгъэм къыдигъэкІа унафэхэм къыщыгъэлъэгъуа-хэр гъэзэщІа зэрыхъумрэ якІэлъыплъынымкІэ Совету КъБР-м и Іэтащхьэм деж щыІэм и зэІуэщІэ Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ щэкІуэгъуэм и 21-м. ЗэІуэщІэр къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий.

- ДИ КЪЭРАЛЫМ и Президент Путин Владимир «ЦІыхубэ фронтым» и лІыкІуэхэм иджыблагъэ щаІуцІам къыхигъэщащ щекІуэкІа унафэхэр, тепсэлъыхьыж лей хэмыту, гъэзэщІапхъуэ къызэрыпытэр. Сэри абыхэм мыхьэнэшхуэ яІэу икІи гулъытэ хэха ягъуэтыпхъэу къызэлъытэ, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий икІи къызэхуэсахэм захуигъэзащ дэтхэнэми пщэрылъ щащІа Іуэхуэкъм жэуапльныгъэ пылъу бгъэдыхьэну.

ЗэІуэщІм зэпкърыхауэ къыщытеувыІащ УФ-м и Президентым 2012 гъэм и накъыгъэм къэрал политикэм ехьэлІауэ къыдигъэкІа указым и унэтІныгъэ нэхъыщхьэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым гъэзэщІа зэрыщыхьым, мы гъэм и бадзэуэгъуэм и 9-м Советым къыщта унафэм щыубзыхуахэм зэрехьулІэм, апхуэдэуи дызэрыт ильэсым зэфІагъэкІахэмрэ зыхунэмысу кьэнахэм я щхьэусыгъуэхэмрэ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Литовченкэ Татьянэ** и гугъу ищІащ лъэщагъэшхуэ зиІэ Іуэхущ1ап1эхэр республикэм къыщыдэпэщыным ехьэлІауэ зэфІагъэкІахэм.

КъБР-м узыншагъэр зэпкърыхауэ и министрым и къуэдзэ **Къуэлуфэ Аслъэн** я гугъу ищІащ а Іэнатіэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІа къэрал политикэр зэрагъэзащІэм, лыих, фошыгъуэ, нэгъуэщІ узыфэ хьэлъэхэр зэфыкІэр, льотэ зиІэхэр хущхьуэкІэ къызэрызэрагъэпэщым. Къэпсалъэм кьыхигъэщащ хущхьуэ хэхахэр зрагъэр иужьрей илъэситІым процент 23-кІэ нэхъыбэ зэрыхъуар. Министрым и къудзэр апхуэдэу кьытеувыІащ ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэтхъэм хуащІэ Іуэхуэхьэбзэхэм, абыхэм папщІэ гъэкъапІэ Іэнатіэхэр къызэрызэрагъэпэщым.

КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэкъмкіэ и министрым и къуэдзэ **Устэ Джульеттэ** къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ ди республикэм и сабий садхэм кьазэрыхэхъуэм - сабийхэм щакІэлъыплъыну Іуэхущ1апІэ зыбжанэ щІэуэ яухуащ, жьы хьуахэр зэрагъэпэщыжащ. А лжьыгъэр куейхэми жыджэру зэрыщекІуэкІыр къыхигъэщри, Устэм къызэхуэсахэм яжриащ сабий гъэсапІэу дызыхуеинум хуэдизкІэ республикэр 2016 гъэм ирихьэлІэу къызэгъэпэщауэ зэрыщытыныр.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Альтуд Юрий** зэпкърыхауэ къыгъэльэгъуащ псэупІэкІэ къызэрагъэпэщынухэмрэ абыхэм я Іуэхуэр зэрагъэкІуатэ щІыкІэмрэ. Апхуэдэуи Альтудым ибзыщІакъым Іуэхум льэпощхьэпо гуэркэр зэрыхэльыр, ауэ ахэр мыгувэу ягъэзэкІуэжыну кьиригъэгугъащ.

Республикэм и Іэтащхьэм жиІащ зэІуэщІэм къыщІэта Іуэхуэкъм жылагъуэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ яІэу къызэрильытэр.

- Дэ ди мурадхэракъым, атІэ зэфІэдэкІаращ мыхьэнэ зиІэр. ТщІэну кьытпащІыпльыр гъунэжу икІи цІыхуэр зыхуей хуэзэн, абыхэм я псэукІэр ефІэкІуэн папщІэ тлъэкІ къэдмыгъанэу дызэдэлажьэн хуейщ, - захуигъэзащ КІуэкІуэ Юрий Советым хэтхэм.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Нэгъуэщ1 щ1ыналъэхэм къыщ1эта жэрдэмхэм хэплъащ

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІуэщІэр иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ республикэм законхэр къыдэзыгъэкІи орган нэхъыщхьэм и унафэщІым и къуэдзэ Бозий Натбий. ЗэІуэщІэм и пэщІэдзэм ар депутат псоми я щэкІэ Аграрнэ политикэмкІэ, экологиемрэ щы Іуэхуэкъмкіэ комитетым и унафэщІ Щхьэгъэпсо Сэфарбий ехьэхъуащ «Ингуш Республикэм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ льапІэр къызэрыфІащамкІэ. Илъэс куэдльандэрэхьэлэлуэ зэрылажьэм папщІэ щ1ыныгъэлым апхуэдэу къратащ Ингуш Республикэм и Цыхубэ Зэхуэсым и Щ1ыхь тхыльыр.

ПРЕЗИДИУМЫМ и зэІуэщІэм щытепсэлъыхьащ Урысей федерацэм и Къэлэхуэу, Щы, Псы кодексэм «Къэрал, муниципальнэ Іэнатіэхэр зыхуейхэмкІэ къызэрагъэпэщын папщІэ товархэр, лэжьыгъэхэр, Іуэхутхьэбзэхэр къэщэхуным хуэгъэза контракт Іуэхум теухуауэ» Федеральнэ законым и 1-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным ехьэлІауэ къэралым и субъект зыбжанэм я парламентархэм кьаІэта жэрдэмхэм.

Социальнэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр къальытэри, депутатхэм даІыгъащ нэфхэмрэ набгъэхэмрэ ядэІэпыкъуным теухуауэ Белгород областым и Думэм Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ ветеранхэм я Іуэхуэмкіэ и комитетым хэтхэмрэ Урысей Федерацэм и Правительствэмрэ зэрызахуигъаззэр.

Къаззэрыщыхьэр зэхуаІуатэри, депутатхэм апхуэдэу тэмэму къальытащ зи школ кІуэгъуэ мыхьуа сабийхэр щапІ Іуэхущ1апІэхэр къагъэщІэрэщІэжьи папщІэ федеральнэ бюджетым кьыхэкІ ахьшэ щІыналъэхэм дяпэкІи яхуэхъыным теухуауэ Хакасие Республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и депутатхэм Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1 Медведев Д. А., Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и УнафэщІ Нарышкин С. Е. сымэ зэрызыхуагъаззэр.

ЗэІуэщІм кьыщащта унафэм икъ иткІэ КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхыльыр иратащ Хьуран Таисие Алексей и пхъум - «Предмет щхьэхуэхэр нэхъ кууэ щрагъэдж курыт евгаІэ №6» Налшык къалэ округым и муниципальнэ кІэзонэ еджапІэм и унафэщІым и къуэдзэм.

Зи чэзу кьыкІэлъыкІуэ Іуэхуэкъм кІэщу щыхэплъэм депутатхэм щыгъуазэ заущІащ КъБР-м и Парламентым и Президиумым 2014 гъэм фокІадэм и 26-м кьыщта унафэ №384-П-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хуэзэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм хуэгъэзауэ хэтхэм.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Узыншагъэ

ЭщІагъэлІ 89-рэ Іэнатіэм пэроувэ

КъБР-м Узыншагъэр хьумэныжьмкІэ и министерствэм «Къуажэ дохутыр» федеральнэ программэмкІэ зи ныбжьыр илъэс 35-м нэмыса дохутыр ныбжьыщІэу 89-м зэгурыІуэныгъэ яригъэІащ.

ІЭЩІАГЪЭЛІ ныбжьыщІэхэм я псэупІэр ирагъэфІэкІуэныжьмкІэ ядэІэпыкъуным хуэунэтІа программэм ипкъ иткІэ, абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми ком мелуан зыриз-кІэ зыщІагъэхъуэнущ. А мылькур кьыхэкІынущ УФ-м Іэмал зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и фондымрэ республикэ бюджетымрэ.

ІэщІагъэлІ нэхъыбэ кІуащ Дзэлыкъуэ районым (цІыху 16), Прохладнэ щІынальэм дохутыр 13-м лэжьыгъэ кьащагъэтащ. Бахъсэн, Лэскэн, Шэрдэж районхэм щыІэ медицинэ Іуэхущ1апІэхэм ЩІагъэлІ 11 яхуэкІуащ. Іэнатіэ уваэхм я нэхъыбэр терапевт, педиатр, стоматолог, невролог, «Дэ1эпыкъуэгъу псынщІэ» Іуэхущ1апІэм щылажьэну дохутырхэщ.

Нэхъапэкіэ «Къуажэ дохутыр» программэмкІэ ІэщІагъэлІ ныбжьыщІэу 136-рэ лэжьапІэ ягъэувауэ щытащ.

КъБР-м Узыншагъэр хьумэныжьмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

■ Хьыбарыщ1эхэр ■ Дифі догъэзытапІэ

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Спорт ■ Щ1эн-щ1ынагъ ■ Малъхъэдис

Хабзэм къызэригъэувым тету

● ГЭС-хэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гидроэлектростанцэр щІымахуэ лъэхъэнэм хуэгъэхьэзыныным пыщІа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр зэрагъэзэщІар зэуІуэ къапщыта нэужь, «РусГидро» ОАО-м и щІыналъэ къудамэм абыкІэ паспортыр кьратыжащ.

«РусГидро» ОАО-м техникэ инспекцэмрэ хуэныгъэ кІэльыплъныныгъэмкІэ и департаментым и унафэщІ Дорофеев Николай зи нэхъыжь комиссэ хэхар жэпуэгъуэм и 2І-23-хэм республикэ къудамэм щылэжьащ. Комиссэм хэт, КъБР-м Энергетикэмрэ тарифхэмкІэ и къэрал комитетым токым кьыдэгъэхуэныжьмрэ ар фейдэ пылъу къэгъэсэбэпыныжьмкІэ и къудамэм и унафэщІ Камарзаев Эдуард зэрыжиІамкІэ, электроэнергетикэм и псэуалъэхэр бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырыр кьызэрапщытэ Хабзэм къызэригъэувыну тету, компанием и гидроэлектростанцэм а лэжьыгъэр щрагъэкІуэкІащ.

ГЭС-м и объект псоми промышленнэ шынагъэушагъэр кьыщызэрагъэпэщ, ІэщІагъэлІэр ираГъэджащ, аттестацэ ящІащ, зыхуей Іэмэпсымэхэр, щыгъын хэхахэр яІащ. КъэхъукъащІэхэмрэ мафІэсымрэ зэрапэщІэт зыгъэсэныгъэхэр Къэщцкъэтау гидроэлектростанцым щрагъэкІуэкІащ, Іэнатіэм зыщыхуеину Іэмэпсымэхэмкіэ, материалхэмкІэ зэрызэхурикъур кьапщытащ. Зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэр техникэ кІэльыплъныныгъэу сом мелуани 6 и уасэ и чэзум зэфІагъэкІащ. Сом мелуан 12 и уасэ гъэтІылъыгъэ яІэщ.

ГУЗЕЕВЭ Индирэ.

Мы махуэхэм

ЩэкІуэгъуэм и 22, щэбэт

♦**Психологым и махуэщ**
♦**Ливан Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - щхьэхуит щыхъуэ махуэщ**
♦**Украинэм гъаблэм щ1ыхьэхэр ягу къыщІагъэкІыж махуэщ**
♦1906 гъэм дунейм и къэралхэр зэгурыІуауэ щытащ «SOS» макъыр дэІэпыкъуэгъу хуэнэжьауэм и дамыгъэу къэлъытэнымкІэ.
♦1941 гъэм Ладогэ гуэлым пхыкІ мыл гъуэгур («ГъащІэм и гъуэгу» зыфІащауэ щытар) къызэІуахащ.
♦ЩэкІуэгъуэм и 22-м Москва щызэхэтынущ «Зэнсэлъэныгъэ. Зэкъуэтныныгъэ. Жэуапльныгъэ» етІуанэ Урысейпсо гражданэ зэхуэсышхуэр. Абы кьрихьэлІэнущ Іуэхущ1апІэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лІыкІуэу цІыху 800.
♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м и академик, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Уэлджыр Мушэхьид** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.
♦ Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Шыбзыхьуэ Азэмэт** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.
♦КъБР-ми АР-ми щІыхь зиІэ я артист **Иуан Владимир** къызэралъхурэ илъэс 71-рэ ирокъу.
♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Ало Арсен** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.
♦Журналист, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Бесльэней Владимир** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.
♦Дизайнер, адыгэ фащэ дыным хуэІэкІуэльакІуэ, дунейпсо, урысейпсо зэпеуэ куэдым щытекІуа **Сэралъп Мадинэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаэ щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэс кьыщесынущ. ЩІыІэр махуэм 1 градус, жэщым градуси 2 - 1 щыхъунущ.

ЩэкІуэгъуэм и 23, тхьэмахуэ

♦1965 гъэм СССР-м и Кинематографистхэм я союз къызэрагъэпэщащ.
♦Адыгэ ежьагъэшхуэ, тхыдэдж, филолог, уэзэІакІуэ **Нэгуэмэ Шорэ** къызэралъхурэ илъэс 220-рэ ирокъу.
♦ЩэкІуэгъуэм и 23-м Тунисым президент щыхах.
♦ЩэкІуэгъуэм и 23 - 26-хэм Москва щекІуэкІынущту-лъынтхуэ узыфэжэр зыпкърытхэм еІэзэ хирургхэм я XX Урысейпсо съезд.
♦ЩэкІуэгъуэм и 23 - 29-хэм Лимассол (Кипр) къалэм щекІуэкІынущ ныбжьыщІэхэм атлетикэ хьэлъэмкІэ я Европэ чемпионат.
♦УсакІуэ, зэдзэкІакІуэ, щІэныгъэлІ **КІуащ БетІал** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.
♦УсакІуэ, журналист, зэдзэкІакІуэ **Уэрэзей Афлик** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.
♦«Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщІ **НэщІэпыджэ Замирэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаэ щыщытынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 4 - 2, жэщым градуси 3 - 2 щыхъунущ.

ЩэкІуэгъуэм и 24, блыщхьэ

♦1944 гъэм советыдзэхэм Эстониер нэмыщІ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.
♦1956 гъэм КПСС-м и ЦК-м унафэ кьыщтащ балъкъэр, кьэрэшей, кьалмыкъ, ингуш, шэщэн лъэпкъхэм я автономиер зэфІэзэгъэувэжьыным теухуауэ.
♦Урыс дзэзешэ цІэрыІуэ, генералиссимус **Суворов Александр** къызэралъхурэ илъэс 285-рэ ирокъу.
♦Адыгэхэм я тхыдэр зыдж, АР-мрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Половникинэ Тамарэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаэ щыщытынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 4 - 2, жэщым градуси 3 - 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырыр
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Фильмыр йокІуэкІ

Терроризмэр щІэпхьадж икІагъэ дыдэхэм ящыщщ. Хэт ахэр, а терористхэр? Сыт хуэдэ абыхэм я мурадыр? ЦІыху яуКІыным зи фейдэ зэлъыр хэт? ЩІэпхьаджагъэ щІэным и гъуэгу пхэжым хэт тыншу трагъэфыр? Сыт ислъам диным дызыхуигъасэр? Зауэ шынагъуэм хэт дыщихьымэну? А псом ятеухуауэ политик цІэрыІуэхэм, психологхэм, дин лэжьакІуэхэм, экспертхэм я гупсысэхэр щызэхухьэса нэтынкІэ. ЩэкІуэгъуэм и 17 - 28 махуэхэм «Россия 24» каналыкІэ сыкьэт 23.00-м щидзэу йокІуэкІ Машков Владимир триха, серие 12 хъу «Антология антитеррора» документальнэ фильмыр.

Фыдогъэблагъэ

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизион. «Ипщэ» гуп

ЕпщыкІубгъуанэ джэгугъуэ

«Спартак-Налшык» - «Мэшыкъэ-КМВ» (Псыхуабэ)

Налшык. «Спартак» стадион.
ЩэкІуэгъуэм и 24.
Сыхьэт 15-м.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Хамэ дагъуэр гъагъуагъуафІэщ.

● Хъуэхъу

Уи IэнатIэщIэм Iэижь ухуэхъуну

«Адыгэ псалъэ» газетым щылажьэхэм гуапэ тщыхъуащ Къэзанш Людмилэ Борис и пхъур КъБР-м Печатымрэ щIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIу зэрагъэувар.

ЛЮДМИЛЭ Кэнжэ къуажэм къыщалъхуащ. Ахъмэтхэ Борисрэ Любэрэ я унагъуэшхуэм я бын нэхъыщIэр, къыдалъхуа нэхъыжьхьэм ядэпIелъейуэрэ, фIы дыдэу школми щеджащ, КъБКЪУ-м и филологие факультетри нэхъыфIхэм хабжэу къиухащ. Налшык дэт 20-нэ курыт школым егъэджакIуэу илъэс зыбжанэкIэ щылэжьауэ, журналистикэм дихьэхри, 1995 гъэм «Адыгэ псалъэ» газетым къуваущ щытащ Людмилэ. ИлъэсихкIэ ди газетым щылэжьати, абы щыгъуэ наIуэ тщыхъуащ ар щIэныгъэфI зыбгъэдэлъ, гулъытэрэ гудзакъэрэ зыхэлъ цIыхуу зэрыщытыр.

2001 гъэм республикэ телевиденэм щрагъэблэгъами шэч кьытетхьакъым ар а Iэхум зэрыпэлъэщынум, гупым зэрахэзэгъэнум. Сабийжэм, ныбжьыщIэхэм папщIэ ягъэхьэзыр нэтынхэм я кьудамэм и унафэщIу кьыщIидзэри, Къэзаншыр хъыбарыщIэхэм я редакцэ нэхъыщхьэм и унафэщI хъуащ. Тележурналистикэм и щахуэхэм нэхъри зыщигъэгъуэзэнымкIэ абы сэбэпышхуэ кьыхуэхъуащ Москва и каналхэм ящыщ зым хъыбарыщIэхэмкIэ и кьудамэм и унафэщIу зэрыплэжьыр. Республикэм кьиГъэзжри, ВГТРК-м и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и унафэщIым и кьуэдзэу илъэс зыбжанэкIэ лэжьауэ, Къэзаншыр а Iэхуэщ Iапэм и унафэщIу ягъэващ 2009 гъэм. И кьалэнхэр дагъэнэшэу игъэзащIэу, зи унафэщI гупым пщIэ кьыхуащIу пэрытащ Людмилэ а Iэнатlэ мытыншым. Абы и щыхьэтщ и лэжьыгъэфIым папщIэ мызэ-мытIэу зэрагъэпэжар, дамыгъэ лъапIэхэр кьызэрыхуагъэфэщар.

Журналистикэм япэ лъэбакъуэхэр ди деж щыхэзыча Къэзаншы Людмилэ кьаргъэза дахьхыр зэригъэпэжыныр, жэуапIыныгъэшхуэ зыпылъ а кьулыкъым хуэфащэн щIэныгъэрэ зэрфIэкIрэ зэрыбгъэдэлъым дэ шэч кьытетхьэркъым икIи мыпхуэдэу дехьуэхъуну дыхуейщ: «Уузыншэу, уи зэфIэкIым хэхъуэ зэпыту, республикэм ифI зыхэлъ Iэхуэшхуэхэр кьохьулIэу упсэуну, уи Iэнатlэщ Iэижь ухуэхъуну ди гуапэщ».

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр.

● Зэгурыlуэныгъэ

Республикэхэм я журналистхэм зэдэлэжьэну я мурадщ

Шэшэн Республикэм Лъэпкъ политикэмкIэ, зэпыщIэныгъэхэмкIэ, печатымрэ информацэмкIэ и министерствэм, ШР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм я лIыкIуэхэр иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхьащIащ, министр Жамалдаев Шаид я пашэу .

АХЭР Налшык щыIущIащ КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым, КъБР-м Граждан зэгухьэныгъэхэмрэ лъэпкъ IэхуэхэмкIэ институтхэм ядалэжьэныжьмкIэ и управленэм, КъБР-м и хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я лэжьыгъэр кьызэгъэпэщIыныжьмкIэ Iэхуэщ Iапэхэм я лэжьакIуэхэм.

Зэ1уэм и гугъу щащIащ Iэхуэщ Iапэхэр зэрызэдэлэжьэну Iэмалхэмрэ зэгъусэу ягъэзэщIэну я мурад проектхэмрэ.

«Дэ дызытепсэлъыхьынрэ здэдгъэшынрэ ди кьэдщ», - жиIащ Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ комитетым и унафэщIым и кьуэдзэ **Пыллыев Ахьмэт.**

Министр **Жамалдаев Шаид** кьыхигъэщащ журналистхэм зэгуэр яку дэлъа зэныбжьэгъугъэр зэфIэгъэувэжа хъуну зэрыщыгугъыр.

«Дэ адрей хэгъуэгурэм, уеблэмэ хамэ кьэрал щыщ журналистхэр фIыуэ доцIыху, ауэ ди гьунэгъу республикэхэм я хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм щылажьэхэр ди нэIуасэкъым», - жиIащ Жамалдаевым, икIи и псалъэхэм кьыхигъащIащ лъэныкъуитIри зэдэлэжьэныным сэбэпныгъ пылъу кьыззрилытэр.

КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Мэзыхьэ Борис** Жамалдаевым жиIам кьыпищэу кьыхигъащIащ нэхъапэм кьыдагъэкIыу щыта номер зэгуэтхэр кьаублэжьыныр зэрыфIэигъэр. Мэзыхьэм кьызэрилытэмкIэ, ар хуабжьу сэбэп хъунущ КИФЦЦ-м и хъыбарыщIэхэр зэуIу цIыхуэхэм яIэрыхьэныжьмкIэ.

Шэшэн Республикэм и лIыкIуэхэм я гугъу ящIащ я республикэм щагъэзащIэ проект зэмылIэужьыгъуэхэм. Псалъэм папщIэ, «Псом я дежи дынэсу» проектым ипкъ иткIэ, журналистхэм, цIыху кьызэрыгуэкIхэм, кьуажэ пхыдахэм дэсхэм ятеухуа тхыгъэхэр газетхэм традзэкIэрэ, кьуажэдэсхэм я лэжьыгъэм и пщIэр кьаIэт. Жамалдаевым кьызэхуэсахэр зэрыщигъэгъуэзамкIэ, а Iэмалым и фIыгъэкIэ республикэм и журналистхэм газетыр кьезыгъэхьэхэм я бжыгъэр мини 5 - 6-м щегъэжьауэ мин 29-м нэсащ.

Граждан жылагъуэмкIэ, лъэпкъ IэхуэхэмкIэ институтым и управленэу КъБР-м щыIэмрэ Шэшэн Республикэм Лъэпкъ политикэмкIэ, зэпыщIэныгъэхэмкIэ, печатымрэ информацэмкIэ и министерствэмрэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ дяпэкIэ зэрызэдэлэжьэнум теухуауэ.

ЩОМАХУЭ Дарье.

● Конференцхэр

Илъэс тIощIым къриубыдэ гуащIэшхуэ

ГъуэзджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ институтым иджыблагъэ щекIуэкIащ Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я лэжьыгъэм теухуа щIэныгъэ конференц. Ар къызэрагъэпэщащ мы гъэм Урысей Федерацэм щагъэлъапIэ «Щэнхабзэм и илъэс» Iуэху дахэм хэту. Зэхуэсыр къызэIуихащ институтым и ректор Рахаев Анатолий. Абы и къеГъэблагъэ псалъэм къыщыхигъэщащ Котляров Виктор и гъусэу япэ классым зэрыкIуэу щытари, абы щегъэжьауэ зэрызэныбжьэгъури.

- ИЛЪЭС 20-м щIигъуауэ Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхьалъ тедзапIэр республикэм и цIыхухэм кьытхуоупсэ тхьалъ щIэщыгъэхэмкIэ. Ахэр ятеухуащ цIыху щIэрыIуэхэм, тхыдэм, щIыуэпсым, нэгъэущI Iуэхугъуэхэми. Мариерэ Викторрэ я гуащIэдэкIым кьахуихьа мылъкур кьызэрапщытэр ахъшэкъым, атIэ цIыхуэхэм кьыхуащI пщIэрэ. Зэщхьэгъусэхэм я Iэдакъэм кьыщIэкI лэжьыгъэр и Iэужьщ абыхэм нэгъуэщIым хуащIыф гулъытэм. Ар кьыщежьэри езы тIум я зэхуаку дэлъ гуапагъэрщ, - жиIащ ректорым.

Котляровхэ я унагъуэм ехъуэхъущ КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Администрацэм и УнафэщI **Битокъу Владимир**, КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкlэ и комитетым и унафэщI **Пащты Борис** сымэ. Кьыхагъэщащ илъэс 20-м кьорибыдэу тхьилъ купщIафIэу 3.000-м хуэдиз кьызэрыдагъэкIар телъыджэ зэращIыхьуар. КъБР-м Щыхуэм я хуитныгъэхэр хьумэныжьмкIэ и уполномоченнэ **Зумакулов Борис** и псалъэм кьыхигъэщащ Котляров Виктор и адэр и цIыхугъэу зэрыщытар.

- Николай илъэс кэджкIэ щылэжьащ «Кабардино-Балъкарская правда» газетым. Абы нэсу зыхищIэрт республикэм и цIыхухэм я гуныкьуэгъуи, я Iэху зытети. АдэфI кьуэфI хуэщIащ. Виктор хэлъ цIыхугъэр и адэм деж кьыщежьауэ кьыщIэкIынущ. Зэщхьэгъусэхэм кьалэжь я цIэр тIэтыну, - кьыхигъэщащ абы.

- Мариерэ Викторрэ яхужьыгIэфынур фIы защIащ. Абы я Iэпэм кьыпыкIа лэжьыгъэр цIыкIуфэкIукъым. Сыту абрагъуэ цIыху кьызэрыгуэкIым кьыпльыкьуэкI зэфIэкIыр. Ар мы унагъуэ дахэм я деж щыдольагъу, - жиIащ «НОТР»-м и унафэщI **Вэрокъуэ Владимир.**

Котляровхэ я тхьилъ тедзапIэр илъэс 20 зэрырикъум теухуа конференцым кьеблэгъащ КъБР-м и Конституцэ хьэкумым и унафэщI **Геляхов Абдуллахь.**

- Мариерэ Викторрэ ялэжьар институт пэсым яхуэмыгъэкъаруун хуэдизщ. Конференцым куэд кьызэрекIуэлIари си гуапэщ. Цыхур псэу щIыкIэ бгъэлъапIэн хуейщ. Я гуащIэдэкIым куэд щыгъуаззэми, я цIэр жьжьэ Iуами, ахэр цIыху кьызэрыгъэкIщи, абы нэхъри егъэдахэ, - кьыхигъэщащ Геляховым.

Гуманитар хэхуэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым и унафэщI **Дзэмыхь Къасболэт** и псалъэм кьыхигъэщащ Котляровхэ кьыдагъэкI тхьилъхэр институтым и лэжьыгъэм зэрыпэгъунэгъыр.

- ГъэщIэгъуэнщ Викторрэ Мариерэ журналист, лъахэхуэтэ, щIэныгъэ кьэхутэныгъэхэр зэхуэдэу фIыуэ язэрехьулIэр, - гу льитащ абы.

Къэрэшей-Шэрджэс, Ингуш республикэхэм я цIыхубэ усакIуэ **Уэгъуэ Мухьэмэд** Котляровхэ я унагъуэм фIыщIэ яхуищIащ я тхьилъ тедзапIэм езым и усэ тхьилъхэри кьызэрыщыдагъэкIам папщIэ. Ар усэ кьахуеджащ Iэуху дахэм кьрихьэлIахэм.

- Нобэ зи гуащIэдэкI дытепсэлъыхьэхэр лIыхъужьщ. Я тхьилъ тедзапIэм кьыщыдагъэкIэм уакIэлъыплъымэ, гу лъыботэ, дэтхэнэми жэуапIныгъэшхуэ яхэлъу зэрелэжьыр, - жиIащ КъБР-м и Парламентым Промышленностымкlэ, транспортымкlэ, связымрэ гъэзу хозяйствэмкIэ и комитетым и унафэщI **Гугу Владимир**. ЖиIащ и адэм теухуа тхыльыр Котляровхэ я деж кьызэрыщыдэкIам зэрыригушхуэр.

Конференцым кьыщыпсэлъащ **Эфендиевхэ Сэлихьрэ Фуlэдрэ, Щэрдан Анатолэ, Кузьминов Пётр, Жырыгъу Радик, Шибаевэ Иринэ, Махиевэ Азизэ, Беппаев Мутlэлиб, Къанщыкъуейхэ Валерэрэ Ларисэрэ, Смирновэ Наталье**, нэгъэущIхэри.

ГУГЪУЭТ Заремэ.
Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

● Гу зылъытапхъэ

Iахымрэ щIатымрэ зэхуэмыкIуэмэ

КъБР-м Энергетикэмрэ тарифхэмкIэ и къэрал комитетым и www.gketkbr.ru официальнэ сайтым иралъхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэуэхэм папщIэ коммунальнэ платежхэм я калькулятор». Абыкlэ цIыхуэхэм занщIэу къапщытэфынущ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм щIатымрэ ягъэува уасэхэмрэ зэрызэхуэкIуэр.

КОММУНАЛЬНЭ Iуэхутхьэбзэхэм хуэзэм зэрыхэхъуэ щыкIэмрэ ягъэува уасэхэмрэ зэщхьэщыкIымкI, КъБР-м Энергетикэмрэ тарифхэмкIэ и къэрал комитетым мы хэщIапIэм зыщыкъуэнкъаз:

360000, Налшык къалэ, Горькэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 4.

Телефоныр: (8662) 42-60-47.

е комитетым и сайтым и интернет-хэщIапIэм.

ГУЗЕЕВЭ Индирэ.

● Хъыбарыфl

Iуэхутхьэбзэхэр йофIакIуэ

УФ-м IэпхъуэшапхъуэхэмкIэ и Федеральнэ Iуэхущапэм и управленэу КъБР-м щыIэм Налшык къалэ, Пушкиным и уэрам, 85 хэщIапIэм къыщызэIуихащ 1-нэ, 2-нэ къалэ къудамэхэр щылэжьэну унэр.

ЛЕНТI плъыжьыр зэпаупщIри, Iуэхугъуэ гуапэм кьрихьэлIахэм унэщIым и пэшхэм зыщрагъэплъыхьащ. Зэуэ кьыхэгъэщыпхъэщ: япэраз, «зы щхьэгъубжэ» жьхуаIэ Iуэхутхьэбзэ щIэкIэм хуэкIуащ; етIуанэраз, ныкъуэдыкъуэхэр тыншу мы Iуэхущ Iапэм щыIэхэфын хуэдизу, псори кьызэрагъэпэщащ.

Унэщ Iэр кьыщызэIуахым кьорихьэлIащ УФМС-м и унафэщI, кьэрал кIуэцI хуэдизкъым и полковник Лъеинщэ Муlэедрэ Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Ульбашев Ислъамэр. Налшыкдэсхэм а Iуэху гуапэмкIэ ахэр ехъуэхъуащ икIи жаIащ лэжьакIуэхэм я кьалэнхэр тэмэму ягъэзэщIэн папщIэ унэщIэр сыткIи кьызэрызэгъэпэщар.

УАРДЭ Женя.

● Къэрал гулъытэ

Мардэ псоми хуэкIуэу

Школ кIуэгъуэ ныбжьым нэмыса сабийхэм зэрадэлажьэ щIыкIэхэр егъэфIэкIуэным теухуауэ ди республикэм щрагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм ящкъ иткIэ, Шэджэм районым кьызэрагъэпэщащ иджыри сабии 174-рэ зыщIэхуэн сабий гъэсапIэ пэшхэр. Район унафэщIхэм я жэрдэмкIэ, Шэджэм кьалэм дэта прогимназиер сабий сад ящIыжащ. АбыкIэ хъыбар кьыдигъэщIащ щIыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхущапэм.

ЕДЖАПIЭР сабий гъэсапIэм хуэгъэкIуэжьным мылькушхуэ текIуэдащ. ЕкIуэкIа уху эныгъэ, зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэхэм, апхуэдэуи Iуэхущапэ щIэр унэльащIэкIэ, техникэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ, сабий тхьилъхэмрэ зэрыджэгу хьэпшыпхэмкIэ кьызэгъэпэщыным псори зэхэту ихьащ федеральнэ бюджетым кьыхэкIыу сом мелуани 3-рэ мин 540-рэ, щIыпIэ мылъкым кьыхэкIыу сом мелуанрэ мин 200-м щIигъуэр.

ЩIэрыщIэу зэрагъэпэщыжа сабий садым мы зэманым ёокIуалIэ цIыкIу 320-рэ. Сабийхэр зытхьэщIыпIэкIи, шхапIэкIи, щагъэжей гъуэлъыпIэхэмкIи, зэрыджэгу хьэпшыпхэмкIи кьызэгъэпэщащ, махуэм щэ ягъашхэ, щэджагъуэм ягъэжей, кружокхэм ягъакIуэ. ЖыпIэнурамэ, сабий садым щыIэ Iэмалхэр мардэ псоми хуокIуэ.

- Шэджэм къалэм кьыщыызэIутха сабий Iыгъыпlэм щыгуфIыкIащ адэ-анэхэри цIыкIуэхэри. ЩIыпIэм псэупIэ куеищIэхэр кьыщоунэху, хьэблэщIэхэр щIотIыс. Аращи, мы гъэсапIэр хуабжьу щIэгъэкъуэнышхуэщ абы хуэныкъуэдэтхэнэм и дежкIи, -жеIэ Шэджэм районым егъэджэныгъэмкIэ и Iэнатlэм и унафэщI **Iэрыпщэ Жанны**.

Сабий садым и Iэшэлъашэр дыгъэгъазэм кьриубыдэу нэсу зыхуей хуагъэзэнущ. Гъэсапlэм и пщIантIэм мыгувэу щаухуэнущ сабий джэгупIэхэр, спорт уг цIыкIуэр.

КъАРДЭН Маритэ.

● Зэпеуэхэр

ЩIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэным теухуауэ

Ульбашевэ Джамилэ «Мэшыкъуэ-2014» щIалэгъуалэ зэхэхьэм щыпхигъэкIа и проектым ипкъ иткIэ, «КъБР-м къалэн куэд щагъэзащIэ и щIалэгъуалэ Iуэхущапэм», «Си адэжь щIыналъэр - си нэкIэ» видеозэпеуэ къыхэлъхьэ. Зэпеуэм и къалэн нэхъыщхьэр я адэжь щIыналъэр фIыуэ яльагъуу, абы и щэнхабзэ, тхыдэ щIэиным пщIэ хуащIу щIалэгъуалэр къэгъэтэджыныр, абыхэм я зэфIэкI ягъэунэхуну, хагъэхъуэну Iэмал етыныр.

Зэпеуэм хэтахэмрэ абы щытекIуахэмрэ щIыхь тхьилъхэмрэ саугъэт iпапIэхэмрэ иратынущ (видеокамерэ, суэттех, жып телефон, нэгъэущIхэри). НэхъыфIу къалъыта лэжьыгъэхэр республикэм щылажьэ телеканалхэмкIэ кьагъэлъэгъуэну я мурадщ. Зэпеуэм хэтыну лэжьыгъэхэр мы гъэм дыгъэгъазэм и 5 пщIондэ Iахынущ мы адресымкIэ: 360028, Налшык, Ленинымрэ щIэр зезыхьэ уэрам, 57.

УпщIэ зиIэхэр **(8662) 77-59-03, 8-918-722-77-82** - телефонхэмкIэ щIэупщIэ хъунущ. E-mail.kb.mmc@mail.ru

ИНЭРОКЪУЭ Дисэ.

● Экологие

Унафэ пыухыкIа зытещIыхьыпхъэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ кIэрыхубжьэрыхуэхэмрэ пхъэнкIиймрэ лъэныкъуэ егъэзыныжьмкIэ щыIэ хабзэр ди республикэм зэрыщагъэзащIэм теухуа зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я Iэтащхьэхэр, зэрыхьэр къызэзгъэпэща министерствэм и къудамэ зэмылIэужьыгъуэхэм я унафэщIхэр, нэгъэущI Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗЭХЫХЬЭМ псалъэмакъ щхьэпэ щекIуэкIащ. КIэрыхубжьэрыхуэхэр зэрызэхуахьэс щыкIэмрэ абыхэм зэрелэжьыхьымрэ ятеухуауэ республикэм и куейхэмрэ къалэ округхэмрэ я Iуэху зыIутым кьызэхуэсахэр щыгъуазэ хуащIащ. ЗэхъуэкIыныгъэфIхэр нэрылъагъуми, дяпэкIэ зэфIэгъэкIипхъэхэр нэхъыбжщ.

ЗэIущIэм кьекIуэлIахэм ар кьыщыздалъытэм, министр **Газаев Мухьтар** республикэм и муниципальнэ къызэгъэпэщыныгъэхэм я унафэщIхэм яхуигъэлъэгъуащ, 2015 гъэм мазаем и 20-м нэсыху, мы лэжьыгъэхэр и кIэм нагъэсыну:

- кIэрыхубжьэрыхуэхэр щхьэзыфIэфIу щракIут щIыпIэхэр гъэсеиныр;
- ныджэхэмрэ псы хъумапIэхэмрэ гъэкъэбзэныр;
- жылагъуэхэм пхъэнкIийм рэ кIэрыхубжьэрыхуэхэмрэ къызэрыдаш щыкIэр убзыхуэр;
- къэбгъэсэбэп хъу кIэрыхубжьэрыхуэхэм я кьеIыхыпIэхэр къызэгъэпэщыныр;
- пыдзахуэ быдзэкэм я полигонхэр район къэс, нэгъэущI мыхъуми я зырызу, къыщыIэхуныр.

Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ, Нартей псы цIыкIур Хьэсэней посёлкэм дэсхэм иужьрей зэманым хуабжьу ауфIей зэрыхъуам. Абы къызэрыкIуэ щхьэхъуэ, Налшык администрацэм и Iэтащхьэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд и Iуэхугъуэм икIэщIипIэкIэ унафэ пыухыкIа тришIыкъым зэрыхуейр зэIущIэм къыщыхагъэщащ.

Тхыгъэри сурэтри **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

● Дзюдо

Ди спортсменхэм я ехъулIэныгъэ

Польшэм и Вроцлав къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ Европэм пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ щыта щIалэгъуалэ зэхьэзэхуэ. Урысейм и спортсменхэм а зэпеуэм екIуу зыкъыщагъэльагъуащ икIи медаль зэмылIэужьыгъуэу 12 кьахьащ.

КОМАНДЭ зэпеуэм ди къэралым и гуп къыхэхар щытекIуащ. ЕтIуанэ увыпIэр лъысащ Германием, Голландием и гупыр ещанэ хъуащ. Фигу кьэдгъэкIыжьынщи, нэгъабэ Болгарием щекIуэкIа апхуэдэ зэхьэзэхуэм Урысейм и командэ кьыхэхам медали 10 щызыIэригъэхьауэ щытащ.

Европэм пашэныгъэр кьыщыхьынымкIэ зэхьэзэхуэм и кIэух зэпеуэм кг 90 зи хьэлъагъэм я деж бжьыпэр щиубыдащ КЪР-м и дзюдоист Занкишиев Къазбэч. Абы хигъэщIащ Голландием икIа Европэм. 2011 гъэм ди спортсменыр Кейптаун (ЮАР) кьалэм щекIуэкIа, дуней псом пашэныгъэр къыщыхьынымкIэ я зэхьэзэхуэм щытекIуащ.

ЦIыхубзхэм я деж жэз медаль къыщихьащ Налшык щыщ Нэгуэр Айданэ. Килограмм 78-м щIигъу зи хьэлъагъэм я кIэух зэIущIэм абы и хьэрхуэрэгъуэу щытащ Австрием щыщ Майрхофер. Къыхэдгъэщынщи, УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Емкъуж Мухьэмэд и гъэсэн Нэгуэр Айданэ Европэм пашэныгъэр къыщыхьынымкIэ нэгъабэрей зэхьэзэхуэми ещанэ увыпIэр щиубыдащ.

МЭРЕМЫКЪУЭ Динарэ.

Нэгуэр Айданэ

Занкишиев Къазбэч

Пшыхьхэм фрагъэблагъэ

ЩэкIуэгъуэм и 25-м сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щекIуэкIынущ РСФСР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэЕфэнды Джылахьстэн и ныбжьыр илъэс 90 зэрырикъум теухуа пшыхь.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 2-м сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м Къэрал киногъэлъэгъуэпIэм щыIэнущ къэбэрдей усыгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа ПащIэ Бэчмырзэ и фэеплъ пшыхь (икIызэралъхурэ илъэси 160-рэ зэрырикъум теухуащ).

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 3-м сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-м балъкъэр усакIуэ Мечиев Кязим теухуа зэхьхьэр Къэрал киногъэлъэгъуэпIэм щекIуэкIынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Журналистхэм я союзым и правленэр «Университетская жизнь» газетым и редактор нэхъыщхьэ **КIэрэф Заремэ Анатолэ и пхъум** хуогузава абы и анэ, Урысейм и Журналистхэм я союзым хэт **Молэ Риммэ ХьэтIал и пхъур** зэрылIам кьыхэкIыу.

«Черкес хэку» газетым и илъэс 90 гъуэгуанэр

Ботэщ Ибрэхьим

Дыщэкl Мухьэмэд

Къардэн Хьэсанэ

Сэкий Мусэ

Дыщэкl Хьэсэмбий

Нэптыгъу Iэмин

Къардэн Хьэсэмбий

Гъуэщокъуэ Хъусин

Аджыр Мыхьэмэт

Адыгэбзэм и хъумакIуэ

Урысей Федерацэм щIепсэу лъэпкъыбзэ зы къэрал унафэм щIэтми, лъэпкъ къэскIэ дэхэухьигъуэ щIихуаи зыщIиужьа лъэхъэни яIэжу къокIуэкI.

Нобэ щIэныгъэлIхэм, тхыдэджхэм бгъэдыхьэкIэ зэхуэмыдэхэр хуаIэщ 1917 гъэм Урысейм щекIуэкIа Октябрь революцэми иужькIэ зэхэлъэлъэжа Совет властми.

ПцIы хэмылъу, зыламыгъэ куэд зэрахьащ а зэманхэм къэралыр зыIэщIэлъахэм. Ауэ къыхэгъэщыпхъэныгъэ Iэхъуфl мыламащи зэралэжьар. Псом хуэмыдэу лъэпкъэм я тхыбзэ яIэжынымкIэ. АтIэ, лъэпкъ къэскIэ я бзэкIэ тхэжьыф хъуащи, апхуэдэ фIыщIэр бгъэкIуэд хъунукъым.

ЛЪЭПКЪЫБЗЭКЭР хъумэнымкIэ, абыхэм зегъэужьынымкIэ фIыщIэшхуэ ябгъэдэлъщ газетхэм. Нэхъыбэжи жысIэнщи, газетхэращ лъэпкъыбзэр зыхъумауэ пльытэ хъунур.

Хэку зауэшхуэр щекIуэкI лъэхъэнэм хиубда сабийхэм тхылъ, дэфтэру диIар газетращ. ИкIи дэ икъукIэ нэгъэсауэ къыдгуроIуэ абы и мыхьэнэр.

Адыгэхэр къапщтэмэ, газетращ япэрей журналистхэр, тхакIуэхэр, усакIуэхэр, щIэныгъэлIхэр лъэпкъым къыхуэзыгъэщIар, хуэзыпIар. Ноби бзэр хъума хъуным тегъэчныхьауэ, еш, къикIуэт имыIэу хуэлажьэр ди адыгэ газетращ. Пэжщ, ди къэралым журналистхэм, тхакIуэхэм, усакIуэхэм яхуищIу щыта пщIэр, гупытэр, щIыхьыр нобэкIэ щыIэкъым. Арами, газетым и лэжьыгъэр абы къыхэтригъэувыIэркъым.

2014 гъэм жпуэгъуэм и 12-м «Черкес хэкур» илъэс 90 ирикъуащ. Ар тхыдэ гъуэгуанэ мащIэкъым. Абы ипкъ иту, фыкъыхуэоджэ газетым и лэжьакIуэхэр, ди лъэпкъым и тхыбзэм и, адыгэбзэм и хъумакIуэ, ди лъэпкъыбзэмкIэ къыдэкI газет закъуэм гъащIэ кIыхь иIэну Тхьэм къыщIигъэкI!

БЭХЫЖЬ Лейлэ,
филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и вице-президент.

Зыми емыщхь

Хэку зауэшхуэм адэнщэ ищIахэм я фэм хьэзаб куэд дэкIащ. Ахэр ныбэнэщIт, щыгъыныджэт. ЦIыкIуэхэр еджапIэм къикIыжка нэужь пхъэхьэ, псыхьэ кIуэрт, жэмыжь закъуэм ишхынур пхырыщхуэу щIыбкIэ къахьырт. Мис а зэман гугъум и сабиигъэр хиубыдащ зи къару емыблэжу, бгъэдэлъ щIэныгъэр и лъэпкъым, адыгэ газетым яхуэзыгъэлэжьа-хэм ящыщ. Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналист АбытIэ Владимир.

АБЫ ЯПЭРЕЙ хьэрфхэр зригъэщIа къудейт «Шэрджэс плъыжь» газетым щызыIэпишам. Зауэр иухыпатэкъым. И анэр сымаджэрилэти, унагъуэм защIигъэкъуэн папщIэ щIалэ щыкIыр еджапIэм къыщIэкIыжри, колхозхэтхэм яхьхьащ. И ныбжьыр нэсу дзэм къулыкъу щищIа нэужь, Черкесск кьалэм дэт, унэльащIэхэр щащI фабрикэм, станоким бгъэдэту, иужькIэ НВА заводым токару щыIэжьащ.

Зэрылажьэм хуэдэурэ, кьалэм дэт 8-нэ курыт школым пщыхьэщхьэкIэ щеджэрт. ИужькIэ 10-нэ классыр и жыIэжьым - Хьэгъундыкъуей къуажэм - къыщиухьжри, и щIэныгъэм Къэрэшей-Шэрджэс къэрал пединститутым щыпищащ. ЩIалэр заводми щылажьэрт, кьалэм дэт еджапIэ-интернатми адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щригъаджэрт. А илъэсхэм «Ленин нур» газетым абы и лэжьэгъу пэрытхэм я Iэхущщафэхэм ятриухуа тхыгъэ хьэлэмэтхэр къытрырегъадзэ. Ахэр ягу ирохьри, АбытIэр адыгэ газетым и редактор нэхъыщхьэ Шурдым Кушыку редакцэм ирегъэблагъэ. АрщхьэкIэ, Владимир жэщкIэ щылажьэ заводми, махуэкIэ щIэблэм щIэныгъэ щригъэгъуэт еджапIэми къаутIыпщыркъым. Апхуэдэу щыхъуи, IэнатIищри здикъым хуей мэхъу, икIи илъэс ныкъуэкIэ лэжьауэ, редакцэр къыхэхри, мыдреитIыр кьегъанэ.

Владимир и япэ тхыгъэхэм кьагъэлъэгъуащ абы адыгэбзэр фIы дыдэу зэрищIэр, гукIи псэкIи зэрызыхишIэр икIи ар кьалъытэри, газетым щIэрыIуэ, хэгъуэгу радиом и адыгэ кьудамэм и унафэщI Ахьмэт Мухьэдин Владимир «журналистикэ нэщхьыфIэм» дригъэхьэхри, радиокомитетым ишэжащ, илъэс бжыгъэкIи абы щыIэжьащ. Мухьэдин лэжьапIэм щыIэкIыжым, АбытIэм аргуэру газетым кьиригъэзэжащ.

Адыгэбзэр и псэм зэрыхэлъым, абы зэрыхуэшэрыуэм и щIыхьэт нэсщ Владимир и IэдакъэщIэкIэр. АбытIэм и тхыгъэр, и унэцIэр щIэмыдзами, кьэпщIэнут: езым и хъатI иIэт, бзэ дахэ Iурылът, зытепсэльыхьыр куууэ зэпкъриихырт.

Газетым щыIукIыжми, Владимир адыгэбзэм пэIощIэ зищIакъым - абы «Льахэ» зыфIища альманах къыдегъэкI.

ДЗЭМЫХЬ Маринэ.

Даур Жэхьфар и тхылъыщIэ

«ЧЕРКЕС ХЭКУ» газетыр илъэс 90 щрикъум ирихьэлIэу Даур Жэхьфар «У истоков черкесской журналистики» зыфIища и тхылъыр дунейм къытехьащ. Абы щIэзэхуэхьэсащ къикIуэ и япэ махуэм къыщыщIэдзауэ иджы кьыздэсым кьикIуэ гъуэгуанэр, зи гущIэ хуэзыгъэпIа цIыхуэхэм ятеухуа тхыгъэхэр, газетым зэрызиужьар.

ИЛЪЭС 52-кIэ газетым щылэжьа журналистым, дауи, ецIыху «Черкес хэкум» лъабжьи пкъыи хуэхъуар. Даурыр тхылъым щытопсэльыхь япэу адыгэ газетым зи кьаруу хэзылъхьа журналистхэмрэ редакторхэмрэ щегъэжьауэ, мы зэманым ар зыщIэ Iэщ1агъэпIэхэм я деж щиухыжу. Щэн хэпъкым «Черкес хэку» газетым и щIэджыкIакIуэхэм мы тхылъыр зэрафIегъэщIэгъуэныным.

ШЫПШ Даниэ.

Лъэпкъым и гъуджэ

АДЫГЭ газетыр лъэпкъым и гъуджэщ, лъэпкъыбзэм и лъабжьэщ, адыгэм ехьэлIа сыт хуэдэ тепльэгъуэми и Iуатэщ. Илъэс 90 ирикъуащ газетыр ди лъэпкъым кьызэрыдэгъуэгурыкIуэрэ. Ар пIалъэ мащIэкъым. Абы кьызэщIиубыдащ гугъуехь куэд, Хэку зауэшхуэм и гуащIэгъуэми хэтащ, ауэ къэралми лъэпкъми я гъусэу ахэр кьызэринэкIыфащ.

ИУАН Зэуал,
ЩIДАА-м и академик, профессор, филологие щIэныгъэхэм я доктор.

* * *

ЛЪЭПКЪЫБЗЭМ и гущэу, зэтезыIыгъэу, елэжьу, джэлэс хуэхъуу нобэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм диIэр ди адыгэ газетращ - «Черкес хэкурщ». Илъэс 90 хъуауэ ар хуолажьэ лъэпкъ журналистикэм, бзэм, щэнхабзэм. АдэжIи efIэкIуэну, зиужьыну дохъуэхъу!

КЪУНЫЖЬ Раисэ,
Хьэбэз районым и методкабинетым и унафэщI.

* * *

АДЫГЭ журналистикэм и мызакъуэу, газетыр лъабжьэ хуэхъуащ лъэпкъ литературэми, бзэ щIэныгъэми, нэгъуэщI куэдми. МащIэкъым илъэс 90 гъуэгуанэр. Ар цIыху гъащIэм еплъытмэ - цIыхур и акъылкIи, гъащIэ еплъыкIэкIи, гупсысэкIэкIи жьыщхьэ махуэ щыхъу пIалъэщ. Аращ нобэрей газетыр адыгэ журналистикэм и лъэпкъым, журналист щIэблэ гъэсапIэу щIыщытыр. ДяпэкIи апхуэдэ зэфIэкIщ, Iуэху зехьэкIэ дахэщ дыз9рыщыгугъыр.

ЩАКIУЭ Мусалий,
ВГТРК-м и КъШР къудамэм и адыгэ отделым и унафэщI.

* * *

«Черкес хэкум» утепсэльыхьмэ, бгъэбелджылын хуейщ адыгэ усыгъэм, прозэм зэрызаужьам, лъэ быдэ зэрытеувам газетым и фIыщIэпхуэ зэрыхэлъыр. Сыту жыпIэмэ, ди тхакIуэ, усакIуэ лъэпкъэми, нэхъ щIалэгъуалэми япэу я усэхэр, гупсысэхэр къызытрадзари, цIыхур къыщыпэджэжари лъэпкъ газетращ. Абы и Iуэхукlэ, лъэпкъым и литературэр нэгъэсауэ псыхьа хъунымкIэ, адыгэбзэр мыкIуэдыжынымкIэ мыхьэнэуэ иIэр уасэншэщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, адыгэ газетыр ди нэIэ щIэдмыгъэкIыныр, зыщIэдгъэкъуэныр лъэпкъым щыщу зызылъытэж дэтхэнэми ди къаланщ.

ЧЭНДЖЭЩАУЭ Артур,
усакIуэ, сценарист.

* * *

СЫТ ЩЫГЪУИ ди гуапэу щIыдоджыкI «Черкес хэку» газетыр. Хэгъуэгукlэ дызэпэIэщIэу, езы газетыр къытIэрыхьэну Iэмал щымыIэми, и сайтым дохьэ, абдеж щыдогъуэт Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм ятеухуа хъыбарэр. Дэнэ щыщымысэуами, зы лъэпкъыу дыщыщыткIэ, зы тхыдэ дыщиIэкIэ, зы бзэ щытIурылъкIэ, ди Iуэхуи зэхэлъын хуейщ. Псом хуэмыдэу, щIалэгъуалэр дызэрыIыгъыпхъащ. КъШР-м щыпсэу ди лъэпкъэгъу щIалэгъуалэм я ехъулIэныгъэм теухуа хъыбар газетым къыщытехуэкIэ, догуфIэ, догушхуэ.

БЛАГЪЭЖЬ Динарэ,
школакIуэ.
Адыгэ Республикэ, Адыгейск къалэ.

Зыри хэсщIыкIыртэкъым

ЩIыналъэм, ауэ Къэбэрдей-Балъкъэр университетым и дипломым абы пщIэшхуэ щиIэти, схуэзфIэкIыными игъащIэкIэ а IэщIагъэм сыбгъэдэбгъэхьэ мыхъуными имыщIэу, «Ленин нур» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къардэн Мухьэмэд а сыщыкIуа махуэ дыдэм промышленностымкIэ къудамэм щылажьэхэм сахигъэтIысхьауэ щытащ.

Укъыщихута щIыпIэр, цIыхухэр, лъэпкъхэр зэман кIэщIым къэпщIыхьнымкIэжурналистлэжьыгъэмефIэкIым къэгъуэтыгъуейщ. Тхьэмахуэм зэ нэхъ мыхъуми, «командировкэ» дыкIуэн хуейти, Хьэбэз, Адыгэ-Хьэблэ районхэр «дгъэукъуеят», зи гъусэу сежьэ журналистхэм зэрыжаIэмкIэ. Ауэ адыгэхэр арат нэхъыбэу щыпсэури, ди анэдэлъхубзэмкIэ къыдэкI газетым а райониIым и нэIэятригъэтт.

Апхуэдэурэ къэсцIыхуащ щIыпIэри цIыхухэри. Мыбы щыпсэу адыгэхэр зэрымащIэм, щIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ хуэлажьэ цIыхухэр кьеббжькIын щхьэкIэ уи Iэпэхэр пхурикъункIэ зэрыхъунум гу лъыптэрт, ауэ зи цIыр кьиПуефыныхэр сыт хуэдэт: щIэныгъэлI лэжьакIуэхэу Бэчыжь Лейлэ, Темыр Рае, Мыжей Михаил, Хьэкъун Барэсбий, Хъупсырокъуэ Хъызыр, сэ фIыуэ сцIыхуа, сызыдэлэжьа тхакIуэ-усакIуэхэу Дэбагъуэ Мухьэмэд, Нэхущ Мухьэмэд, Пхъэш МуIэед. А зэманым Али-Бэрдыкъуэ къуажэм и курыт еджапIэм щылэжьа усакIуэ Бемырзэ Мухьэдин, сурэтыщIкIэу Къардэн Мухьэдин, Хьэгъундокъуэ Мухьэмэд, скульптор КIэмрыгу Хьэтыкъэ, УФ-м и цIыхубэ артист, уэрэджыIакIуэ Гъуэт Хъусин, композитор Даур Аслъан. Къэбэрдейм нэхъ щащIыхуу къыщыхъу унэцIэхэращ къьебжькIар, армыхъумэ зи цIэ хуипIуэну зыхуэфащэхэр абыкIэ иухырккъым.

Хьэкъун Барэсбий теухуауэ. «КъэкIыгъэцIэхэм я псалъалъэм» илъэс куэдкIэ елэжьа, абы и фIыгъэкIэ тхыдэри, IурыIуатэри, мэкъумэщ щIэкIэри, цIыхум и узынщагъэм уэущхьэпэну шхыныгъуэхэри зыджа щIэныгъэлIт Барэсбий. А псори кьыхощ «Мылъкъм ефIэкI хъуГъуэфIыгъуэ. Адыгэхэм я мэкъумэщ, ботаникэ щэнхабзэ» тхылъым, 2002 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм Джэрыджэ Арсен и редактору къыщыдэкIам. «Адыгэ къэжIыгъэцIэхэр» тхылъ зэлэжьыжьари (къэкIыгъэцIэ 1500-м зэреджэр адыгэ-урыс-латиныбзэкIэ тхауэ) Налшык къыщыдэкIауэ щытащ 2002 гъэм. Янэр - 1975 гъэм Черкесск къыщыдэкIат, къэжIыгъэ 1000-м я цIэр иту. Сыт хуэдэ уасэ хуэтщIыжьыфынур абы къытхуигъэна мылъкум?! Ар ди щэнхабзэм и зы Iыхьэщ. Барэсбий и чэзум а Iуэхум яужь имыхьамэ, къэжIыгъэ куэдым я цIэр зэманым дэкIуэдыжыну къыщIэкIынт.

А тхылъым щыщ езым редакцэм нысхуихьат, мыпхуэдэу тетхауэ: «Маринэ! Ди адыгэ газетым и пщIэр уи тхыгъэхэм къаIэт. Седжэну ар къыщысщтэкIэ, псом япэ уи тхыгъэхэращ сызылъыхъуэр. Апхуэдэу цIыхухэм я гум укъипсэлъыкIыу Тхьэм жиIэ куэдрэ куэдрэ удиIэну! Уи сабийм и хъер Тхьэм уигъэлъагъуэ».

Сыту щIыхуэшхуэ къыстригъэхуат абы щыгъуэ. Дапхуэдэу улэжьэн хуейт мо щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ цIыхум зэман тригъэкIуадэу птхам къеджэн щхьэкIэ?

«Хьэжъуныи и университет» жызоIэ абы сызригъэдаIуэу щытахэм щхьэкIэ. ИгъащIэкIэ си акъыл здынэмысыну куэдым абы сыщIалэу гу лъызигъэтащ.

Апхуэдэ цIыхухэр щызэблэжIырт редакцэм. Ахэр абы къыщыкIуэкIэ, къыхьыхуэкIуэхэм пщIэ хуащIу къыщIэкIынт. Лъэпкъ интеллигенцэм редакцэр и кIуапIэу щымытмэ, а редакцэм Iуэху жьгъейщ зэрихуэр, сэ абы щэч къытесхьэркъым. Иджы мы зи цIэ къысIуахэм ящыщ куэдыр псэужкъым. ЩIалэхэу дунейм екьжащ, я лэжьыгъэр я фэеплъу кьытхуагъанэри.

Университет дипломфIэкIа симыIэу сызыхьыхьахэм гъащIэ диплом къызатэу сакъыхэжIыжащи, ди Iыхьлыхэр сэ сыт щыгъуи гуапэу си гум илыныщ. Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу адыгэхэм я анэдэлъхубзэр къэралыбзэу яхуэзыгъэлажьэ «Черкес хэку» газетым и редакцэр иджы си Iуэхущ IапIэхэм сохъуэхъу лъэужьыфI абы къыщIанэну, щIэблэм хуэсакьыу ар зэIэпахьу, газетыр щIащI цIыхубэм ар ялытэу лIэщIыгъуэхэр къызэранэкIыну.

ШИРДИЙ Маринэ.

ЩIэщIыгъуэ куэд къызэринэкIыну!

1981 гъэм ди университетыр къэзухауэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм (абы щыгъуэм Ставрополь крайм и автоном областым) сыкIуэн хуей хъуащ, Саратов дэт юридическэ институтым щеджа си щхьэгъусэр Черкесск щылажьэну къызэрыхуагъэлъэгъуам къыкIэхьыу. Абы щыгъуэм диплом зратыр лэжьапIи ягъэкIуэрт.

ЗЫРИ ХЭСЦIЫКIЫРТЭКЪЫМ щIыналъэм, ауэ Къэбэрдей-Балъкъэр университетым и дипломым абы пщIэшхуэ щиIэти, схуэзфIэкIынуми игъащIэкIэ а IэщIагъэм сыбгъэдэбгъэхьэ мыхъуными имыщIэу, «Ленин нур» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къардэн Мухьэмэд а сыщыкIуа махуэ дыдэм промышленностымкIэ къудамэм щылажьэхэм сахигъэтIысхьауэ щытащ.

Укъыщихута щIыпIэр, цIыхухэр, лъэпкъхэр зэман кIэщIым къэпщIыхьнымкIэжурналистлэжьыгъэмефIэкIым къэгъуэтыгъуейщ. Тхьэмахуэм зэ нэхъ мыхъуми, «командировкэ» дыкIуэн хуейти, Хьэбэз, Адыгэ-Хьэблэ районхэр «дгъэукъуеят», зи гъусэу сежьэ журналистхэм зэрыжаIэмкIэ. Ауэ адыгэхэр арат нэхъыбэу щыпсэури, ди анэдэлъхубзэмкIэ къыдэкI газетым а райониIым и нэIэ ятригъэтт.

Апхуэдэурэ къэсцIыхуащ щIыпIэри цIыхухэри. Мыбы щыпсэу адыгэхэр зэрымащIэм, щIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ хуэлажьэ цIыхухэр кьеббжькIын щхьэкIэ уи Iэпэхэр пхурикъункIэ зэрыхъунум гу лъыптэрт, ауэ зи цIы къипIуефыныхэр сыт хуэдэт: щIэныгъэлI лэжьакIуэхэу Бэчыжь Лейлэ, Темыр Рае, Мыжей Михаил, Хьэкъун Барэсбий, Хъупсырокъуэ Хъызыр, сэ фIыуэ сцIыхуа, сызыдэлэжьа тхакIуэ-усакIуэхэу Дэбагъуэ Мухьэмэд, Нэхущ Мухьэмэд, Пхъэш МуIэед. А зэманым Али-Бэрдыкъуэ къуажэм и курыт еджапIэм щылэжьа усакIуэ Бемырзэ Мухьэдин, сурэтыщIкIэу Къардэн Мухьэдин, Хьэгъундокъуэ Мухьэмэд, скульптор КIэмрыгу Хьэтыкъэ, УФ-м и цIыхубэ артист, уэрэджыIакIуэ Гъуэт Хъусин, композитор Даур Аслъан. Къэбэрдейм нэхъ щащIыхуу къыщыхъу унэцIэхэращ къьебжькIар, армыхъумэ зи цIэ хуипIуэну зыхуэфащэхэр абыкIэ иухырккъым.

Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ и зэчий

2003 ГЪЭМ бадзэуэгъуэ мазэм щыщIэдзауэ «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ IэнатIэм пэрытщ Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ Асчэрбий и къуэр. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиуха иужь, Увжыкъуэ егъэджакIуэу щытащ. КъБР-м къыщыдэкI «Советская молодежь» газетым «Псынэ» напэкIуэцIыр игъэхьэзыру щылажьащ, «Хасэ» газетым и редактор, «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент IэнатIэхэм пэрытащ.

«ЧЕРКЕС ХЭКУ» газетым и редактор нэхъыщхьэу зэрылажьэрэ, газетым и зыужьныгъэм адэкIэ пищэн хуэзфIэкIащ, адыгэхэр зыщыпсэу хэгъуэгуищым я зэпыщIэныгъэр нэхъ быдэ щыным, лъэпкъ журналистикэм щIэблэ хуэгъэсэным и гуащIэшхуэ хелъхьэ.

Журналистыр икIи усакIуэ зэчиифIэщ, тхылъ зыбжанэ и Iэдакъэ къыщIэкIащ. Апхуэдэуи художественнэ зэдзэкIакIуэщ, Урысейм щыпсэу лъэпкъ куэдым я усакIуэхэм я тхыгъэхэм щыщ адыгэбзэкIэ игъэIун лъэкIащ.

Увжыкъуэ КъШР-м, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ я журналистщ, Творчествэмкlэ дунейпсо академием хэтщ, Урысейм и ТхакIуэхэм, Журналистхэм я зэгугъэныгъэхэм хагъэхьащ. КъШР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым), Правительствэм я фIыщIэ тхылъхэр къыхуагъэфэщащ.

ЦЕКЪУ ПIатI.

ЩIыхьыцIэ лъагэ зыфIащахэр

«Черкес хэку» газетыр лъэпкъым къыдогъуэгурыкIуэ, абы и гурыгъу-гурыщIэхэр иIуатэу, цIыхубэр зыужьыныгъэм къыхуриджэу. Сыт зэманми цIыху кIуапIэу, я гуныкъэгъуэ я ехъулIэныгъэр ирахьэлIэу абы илъэс 90 гъуэгуанэр къызэринэкIащ. Дызэрыгушхуэр а пIалъэм къыриубыдэу ди газетым щылэжьа журналистхэм КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэхэр, усакIуэхэр, щIыхьыщIэ лъагэхэр зыфIащащхэр, нэгъэущI нагъыщ, дамыгъэ лъапIэхэр зратахэр къаззырыхьIар.

Урысейм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ Шурдым Кушыку, Даур Жэхьфар, Дэбагъуэ Мухьэмэд, Къантемыр Тыркубий, Шорэ Ахьмэд сымэ.

Печатым и отличникщ Бахъгыр Исмэхьил, Хьэгъундокъуэ Рэмэзан, Брат Хьэбас, Дэбагъуэ Мухьэмэд, Къантемыр Тыркубий, Шорэ Ахьмэд сымэ.

«КъШР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр зэрахьэ Къантемыр Тыркубий, Шорэ Ахьмэд, Идрис Нэдир сымэ.

КъШР-м щIыхь зиIэ и журналистщ Адзын Мухьэмэд, Къардэн Мухьэмэд, Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ, Дэбагъуэ Жэхьфар, ХьэпэнцIыв Сэфарбий, Зэубыд Ахьмэд, Джэтауэ Iэмин, Мыжей Сэлихь сымэ.

Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналистщ Къантемыр Тыркубий, Дэбагъуэ Мухьэмэд сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналистщ Дзбагъуэ Мухьэмэд, АбытIэ Владимир, Ширдий Маринэ сымэ.

Уэхъутэ Анзор - «За доблестный труд» медалыр, **Мамхэгъ Щыхьбан** РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхылъыр къыхуагъэфэщащ.

Дэбагъуэ СулътIан

Аслъэныкъуэ Пщымырбий

ХъытIу Сэйдин

Мэшыкъуэ Хьэжумар

Ажий Щыхьбан

Уэхъутэ Анзор

ЛIыуней Абдулыхь

Дэхъу Исмэхьил

Шурдым Кушыку

Темыр Сэлихь

Аргун Iэубэчыр

«Черкес хэку» газетым и лэжьакIуэхэр. *2013 гъэ*

Дэбагъуэ Мухьэмэд

Къардэн Мухьэмэд

● Интернетым дыкъыщоджэ

Гъэунэхунытъэ

Я псэр зы чысэм илъщ жьхуаIэм хуэдэу зэныбжьэгъуитI псэуртI. Зэгъэсху лажьэрт, загъэпсэхурт, я гуфIэгъуи гуауи здагуэшырт, зэмычэнджэщауэ зы Iэхуи пэрыувэртэкъым. Зэи зыми илъэгъуатэкъым ахэр зэфIэнауэ, зыззхуагъэгусауэ е я макъ зрагъэIэтауэ зэпсалъэу. ЗэныбжьэгъуитIым я хъыбарыр нэсащ ахэр щыпсэу къэралыгъуэм и пащтыхым и деж. Пащтыхым и ныбжьыр хэкIуэта пэтми, игъащIэм иатэкъым ныбжьэгъу, и фIэщ хъуртэкъым апхуэдэ ныбжьэгъугъэ щыIэуи. Абы унафэ ищIащ зэныбжьэгъуитIыр къыхуашэу и пащхьэм зкрагъэувэну.

- Фи зэхуаку дэлъ ныбжьэгъугъэр зэрыжаIэр хуэдэу быда, хьэмэ хъыбарыр къеIэкIхэр пцIы? ПцIыу зыштмэ, ар зыIутэхэм я щхьэр пыслъэнущ, - яжриIащ пащтыхым щIалитIым.

- Дыззныбжьэгъущ, - къатащ жэуап.

- Ар хьэкъ къысщыщфIыну фыхьэзыр?

- Ныбжьэгъугъэр гъэунэхун хуейуэ къэтлъытэркъым.

- Абыкlэ фэ зыри къывьэупщlакъым, - жиIащ пащтыхым, - сэ сыхуейщ фызгъэунэхуну. Фэ езыхэм къывырымыIэж щхьэкIэ, «ныбжьэгъугъэ нэскIэ» фызэджэр нэкъыфIэщIу къыщIидзыжыну къысщохьу. Ауэ щыхъукIи, сэ згъэщIэгъуэнут икIи си гуапи хъунут зи гугъу фщIы ныбжьэгъугъэ кьабзэр мы дунейм тету къыщIэкIамэ...

Ар жиIэри, унафэ ищIащ щIалитIыр щIыунэ зырызым щIадзэну. ЩIыунэхэр щIыIэт, псыIэт, зы нэхуи димыдзу кIыфIт, дзыгъуэхэр щызэжэрт. ЗэныбжьэгъуитIыр зэпсэльэфырэтхъым икIи зэрыщIэрэтхъым. ХьэмакIуэхэм унафэ хуащIащ гъэрхэр ямыгъэшэну. ЩIалэхэм жраIащ япэу гущIэгъу щIэлъэIур кьаутIыпщыжыну, ауэ и ныбжьэгъум хьэзаб тралъхьэу ягъэлIэну.

Мазэ псокIэ щаIыгъащ зэныбжьэгъуитIыр щIыунэ зырызым. Дяни щызэхэпхыр абы-хэм я хъыбарыр. ЩIалитIыр гущIэгъум щIэлъэIуакъым. ТIури щIыунэхэм къыщIахыжащ я псэр пыт къудейрэ замыгъэхъеижыфу. Дохутыр нэхъыфIу щыIэхэр къашэри щIалэхэм ирагъэIэзащ. Псэлъэфын хуэдэу зыкъырагъэщIэжа нэужь, аргуэру пащтыхым и пащхьэм ирашащ ахэр.

- ЛIыхъужьхэр! - Iэтауэ жиIащ пащтыхым, зэныбжьэгъуитIыр кьызэрилъагъуу, - сэ фIыщIэ фхузощI сызгъэлъэгъуа щапхъэм щхьэкIэ, хьэзаб зэрыфтезгъэлъэам папщIи къысхуэзвгъэгъуну сыныволъэIу. Иджы сэ хьэжьыу спхыкIащ ныбжьэгъугъэ нэс зэрыщIэр.

- ЩыгъуэзэнкIэ Iэмал иIэкъым ныбжьэгъугъэ нэс щыIэрэ щымыIэрэ, - жиIащ щалитIым я зым.

- Ар дауэ? - жиIащ пащтыхым. - Фэ фхэлъа лIыгъэмрэ ерыщагъымрэ щыхьэт куэд дыдэ иIэщ. ТIум яэри фепцIыжакъым ныбжьэгъум, зы псалъэ закъэм фи къэзаем кIэ иритыфын пэтми.

- Ущуоу? - жаIащ зэныбжьэгъухэм. - Дэ дгъэпэжар щхьэж дызытемыкIыу дызытет гупсысэрщ. Ар мыхъуамэ, япэ дыдэу хьэзаб къыщIтеплъхьа махуэм дызэпщIыжынут. ГъащIэм и пэж гуауэр зыхэлъыр аращ - щхьэж ди гупсысащ, ахъунэ ныбжьэгъугъкъым дызыхуэпэжыр, гугъуехьхэм дащытекIуэкIэ.

- Ара зэрыщытыр?! - нэхъри игъэщIэгъуащ пащтыхым. - Ауэ щыхъукIи, фэ фызэныбжьэгъуу зывобжьк! Ар дауэ къызгурыягъэIуэну? Сыт ныбжьэгъугъэ нэсыр зищIысыр?

- Уи гупсысэ зэтехуэныр щ...

Зззыдзэкlар
ГУГЪУЭТ Заремэщ.

● Фэ фщIэрэ?

«Абхъаз бгылъэ щIыпIэхэр»

Апхуэдэ фIыщыгъэ зиIэ проектым илъэсиплIым къриубыдэу экспедицэ 32-рэ иригъэкIыщ. Гупхэм бгылъэм щакIуа километр 750-м ихьащ махуэ 160-рэ.

Иджыпту дэ догъэхъэзыр Кавказым и дежкIэ мыхьэнэншхуэ зиIэ урыс-абхъаз проект лъэщ: «Абхъазым и бгылъэ щIыпIэхэр. Гъэм и зэманхэр». Проектыр хъэдгъэсэбэпу дыхуейщ Абхъазым и дахагъэм дытепсэлъыхьыну, ди щIыналъэм и цIыхухэр щIыэпсым и телъыджагъыр зыхащIэным къыхуэдджэну. ЩIыуэпсым и дахагъэм гу лъата, дихьха нэужь, цIыхухэм Абхъазым бгылъэ щIыпIэхэр зыужьыным теухуауэ жэуаплыныгъэ яхьын зэрыхуейр зыхащIэну ди гугъэщ.

Абхъазым бгылъэхэр - ар дуней тельыджащ, цIыхуIэ зыльэмыIэса дахагъэщ, зи кьабзагъым укъыгъэуIэбжь щIыпIэщ. Бгыхэр, мэзхэр, губгъуэхэр, псыежьхэхэр, псыкъелъэхэр, гуэлхэр - а дахагъ псори тпэгъунэгъу дыдэщ.

Туристхэм бгылъэм щыпхашар лъагъуэ зыбжанэщ, ауэ Абхъазыбгрхэм щэху куэд епхащ. Дыхуейщ а щэхухэр кьэтщIэну. Дытепсэлъыхьынущ бгылъэм ущысакъын зэрыхуейм.

Зи гугъу сщIы проектым хэту, 2015 гъэм и щIымахуэм, гъатхэм, гъэмахуэми, бжьыхьэми ди гупым Абхъазым и бгылъэхэм зыщапльыхьынущ лъэсуи, шууи, автомобилкIи. Зэдгъэлъагъунущ Агурэ уэхыр, Грыбзэ ауэзыр, Арбаикъ бгылъэр, Адюадэ гуэлыр. Псом хуэмыдэу къыхэзгъэщынущ сыхуейщ ди щIымахуэ зекIуэ ежьэгъуитхур. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри мазхуипщIкIэ екIуэкIынущ. Дэ телъ уэсым метри 8-м нэблагъэ и Iувагъщ. Языныкъуэ щIыпIэхэм иджыри къыздэсым цIыхум и лъэ теувакъым. Ди экспедицэм кIэлъыплъыфынущ хэти - сурэтхэр, видеохэр интернетым кьитлъхьэнущ. Абхъаз бгылъэхэм щытетх сурэтхэри видео пычыгъуэхэри зэхэтхьэсынущ, зыщщтплъыхь щIыпIэхэм ятеухуа тхыгъэхэр дгъэхьэзырынущ, ахэр новигацэ зыхэт картэм идгъэувэнущ. Апхуэдэуи, теленэтын зыбжанэ дгъэхьэзырынущ, фильм тетхынущ.

Ди проектыр къыддэфIыгъ, экспедицэм фыкIэплъыплъ, Абхъазым и щIыуэпс телъыджэм гу щыфхуэ! Дунейм ди гъуэсу фыкIэплъыплъ!

ДапэкIэ ди мурадхэм я гугъу пщIымэ, апхуэдэ проектхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым Къэрэшей-Шэрджэсми щедгъэкIуэкIынущ.

ТАРБЭ Тенджыз,
«Абхазым и бгылъэ щIыпIэхэр» фондым и унафэщI.
Сурэтхэр
Къарей Элинэ *трихащ.*

● Шхыныгъуэхэр

Щэлям

Ху хьэжьыгъэр яухуэнщI, абы шэ гъэпщта хакIэ, тхъуцIыпэ гъэткIуа, шыгъу халъхьэри, бэлагъкIэ япщ, бахъэ пщтырыр кIуэхукIэ. ИтIанэ гуэдз хьэжьыгъэ ираудри, быдэу IэкIэ япщ. Хупщынэ пщар хьыдан тепIэуэ хуабапIэ ягъэув дакъыкъэ 30-40 хуэдизкIэ, IэфI къыщIыхьэн щхьэкIэ. Абы иужькIэ я Iэм дагъэ щахуэри, а хупщынэм чыржыным хуэдэу Iыхьэ щIыкIуэр кьыхащIыкI, Iэгукlэ нэхъ пIащIэ ящIри, тхъу кьэплъам хадзэри, пьэныкъуитIымкIи тхъуэплъ дахэ хъухукIэ ягъажьэ. Хуабэу яшх. Шэ, фо даих, шейм драф.

Халъхьэхэр (цIыхуих Iыхьэ):
ху хьэжьыгъэу - грамм 500,
щэщIэмыхуу - грамм 340-рэ,
тхъуцIыпэу - грамм 50,
гуэдз хьэжьыгъэу - грамм 50,
шыгъуу, зэрагъэжьэн тхъууэ - узыхуейм хуэдиз.

ДжэдыкIэжьапхъэ, шатэпскIэ щIауэ

Дзэку тепщэчым джэдыкIэр иракъутэри, тхъурымбэ къищIыху яудэ. Абы халъхьэ щимэ цIыкIуурэ упщIэта шыбжий плъыжь IафI, шыгъу, шыбжий сыр хьэжа, шатэпс, гуэдз хьэжьыгъэ хуэдауэ. Ар псори хуэмурэ зэIащIэри, тхъу кьэплъа зэрыт тебэм иракIэ. Тебащьэр трапIэжри, пьэныкъуитIымкIи тхъуэплъ дахэ хъуху ягъажьэ. Iэнэм щытрагъэувэнум и дежь Iыхьэ-Iыхьэурэ зэпэупщI. Яшх пщтыру, пIастэ, щIакхъуэ, лэкъум и гъусу.

Халъхьэхэр (цIыхуищ Iыхьэ):
джэдыкIэу - 6
шыбжий плъыжь Iафлу - 1
гуэдз хьэжьыгъэу - грамм 20
тхъууэ - грамм 30
шатэпсу - грамм 200
шыгъуу, шыбжий сыру - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Псалъэ пэжхэр

Жьыр щIэ пхуэщIынукъым

♦Насыпыншагъэми насыпыфIагъэми зэ кIэ егъуэт.
♦Мэзауэ гъусэншэу умыкIуэ, губгъуэ нэщIым уи закъуэу уимыхьэ.
♦Лъагъунытгъэм и гур зэ къыщыкIамэ, укъыхьфIедзэри мэкIуэдыж.
♦ЕсыкIэ умыщIэу псыкум уэмыхьэ, псы щIагъыр пхуэхъунущ Iыхьэ.
♦Жьы хъуар зэи щIэ пхуэщIыжынукъым.
♦Сабий цIыкIуху хуэпхъашэу еущи, балигъым нэхъ щабэу еущие.

КIУРАШЫН Алий.

● Апхуэди къохъу

Хьэлыгъуанэхэр

ЗэрыгIысхьэну кхъухьлъатэм чэзум пэплъэу хьэджэбзыр аэропортым щIэст. И рейсыр ягъэгувати, кхъухьлъатэм сыхьэт зыбжанэкIэ екъэн хуей хъуащ. Тхыльрэ хьэлыгъуанэрэ кьищащри, зэманыр игъэкIуэну щэнтжьейм итысхьащ. Хъыджэбзым зы щэнт кьыбгъэдэтти, и хьэпшыпэр абы трилъхьри, и тхылъыр зэпиплъыхьын щидзащ... Пэмыжыжьэу зы щалэ щыст, газет еджэу. Хьэлыгъуанэм зы кхъухьри ишхащ хъыджэбзым. ЩIалэри хьэлыгъуанэмкIэ мэлэбэ, кьецIэри ешх. Хъыджэбзыр зэгуапащ, ауэ зыри жиIакъым.

Сытми... ТIури хэIэбэурэ, зы хьэлыгъуанэ фIэкIа крамынауэ, хъыджэбзыр егупсасащ: «Мы укIытэ зимыIэм сыту пIэрэ иджы ищIэнур... Сыпэлъэнти...». ЩIалэм хьэлыгъуанэр кьищтэщ тIуу зэпищIыкIри, кьыдэмыпIъеиххэу и ныкъуэр хъыджэбзым хуишиящ...

Хъыджэбзыр кхъухьлъатIэм итIысхьауэ, и сумкэм дэIэбэмэ, аэропортым кьыщищэхуа хьэлыгъуанэхэр дэлът. КьищIэжащ: хьэлыгъуанэхэр кьыдихагъэххэтэкъым. Хъыджэбзыр укIытэкри пльыжь хъуащ. УкIытэ имыIэу кьиIыытэу зыхъэзгъэпа щIалэм и хьэлыгъуанэр ишхыу щысати, зыри кьыжриIакъым, нэщхъкIи кьеплъакъым. Гуапэу кьыдэгъэщащ. ЩIегъэжат хъыджэбзыр, ауэ абы Iэмал иIэтэкъым и кьуаншагъэр игъэзэкIуэжыну - кхъухьлъатэм зиIэтат.

ГУIЭТ Зитэ.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **4.** Мэкъу щIэлъхьэпIэ, лъагъу Iэтауэ. **6.** ЦIыхубз ... хущанэ. **9.** ГъущI быдэ. **10.** ЩIэпым ар къыхах. **11.** Гъыринэ. **12.** Хьэлъакъуэрэ ... лъакъуэрэ зыубида щыIэкъым. **13.** Махъсымэм щIэтIысыкI. **14.** Ди гъунэгъу Iэзэм ... пэшэгъу иIэу жаIэ. **15.** Нартхэр къэзыгъэшынэу тыгъэ зыхуахьу щыта, Уэзырмэз бзаджагъэкIэ хигъэщIа тхьэпэлъытэ. **17.** Щыщалъхуа щынальэр мыхъуу, хамэ къыщIыкIыгъуэм уафэм къещI. **36.** Аргуеий ззэрэ ... тхьэмадзм зэпымыууэ ... яхуещI, ядоIэпыкъу жылэм дэс хуэмыщIахэм. **28.** А унэцIэр зэрахъэ: адыгэ генералым, ди парламентым и Iэтащхьэу щытам, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэм. **31.** ЩIалэ цIыкIур ... кущIрэ фо щIынэкIэ япIащ. **32.** ГъукIэм и теIущыкIыпIэ. **33.** ХьэгъуэлIыгъуэм и зы Iыхьэ, пшынэ макърэ IэгуауэкIэ гъэнщIауэ. **34.** Шхыныгъуэ: кIэртIофэ, е лы, е къуейпльапэ дэлъу. **35.** Дыгъэ къыщIэкIыгъуэм уафэм къещI. **36.** Аргуеий ззэрэ ... кхъуейрэ фIэкI абы имыIэ щыIэжьым. **37.** ЩIыпIэ хуабэхэм щыпсэу хьэкIэкхъуэкIэ шынагъэ. **39.** Iэщ кIуэщIафэщым кьыхэщIыкIа ерыскъыгъуэ.

Къехьу: 1. Шым и кIэкIэ. **2.** Кьищокъуэ Алим зыгъусыха адыгэ къуажэ, Дзэлыкъуэ щымахуэм. **3.** ... мы бжьакъуэм къокI. **4.** Удэзыжь зыкъыпкIэрызыщIэ. **5.** НапIэм нэр зэрихъумэм хуэдэу, хуэсакъын хуейуэ пIалъэкIэ гъунэгъум е благъэм ыкьуагъэна. **7.** Спорт лIэужьыгъуэ. **8.** ЦIыху нэжэгужэ, гушыIэрей, нэIурыт. **16.** Жыгым и зы Iыхьэ. **17.** Ди пхъурылъхур унэм кьыщIыхьамэ, ...- хамащхьэу щытщ. **18.** «Эмирым и ...» - КIыщокъуэ Алим и роман. **20.** Джэдкъаз. **23.** Пасэрей шабзэ лIэужьыгъуэ. **24.** Унэ щыбагъ. **25.** Сэ ... фыз игъэпIа лIырэ. **29.** ТепIэнщIэлъын. **30.** Упхырыхуу, зи лъэгур ятIэпс. **38.** ... зиIэм кIэ иIэщ. **40.** Уи псалъэ мыкIуэду уи ... укIуэд.

Зяхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

ЩэкIуэгъуэм и 15-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **5.** Берычэт. **7.** IуащхьэпIэ, лъагъу Iэтауэ. **10.** Ленэ. **11.** Iумыл. **12.** Берычэт. **14.** Бытыр. **15.** Аркъэн. **16.** Нау. **18.** Лъэпэд. **20.** Пкъо. **21.** Шагъыр. **22.** Пхъашэ. **26.** Жьэ. **27.** Гъаблэ. **28.** ГъукIэ. **31.** Дапщэ. **32.** Жьыбгъэ.**33.** Къэрмокъуэ. **34.** Надэ. **36.** ГупкIэ. **39.** Гуеа. **41.** ЩIэныгъэ. **42.** Цыджанэ.

Къехьу: **1.** Ерэн. **2.** Къыр. **3.** Къан. **4.** Тхъэм. **5.** Бэлэбанэ. **6.** Шыбгэпх. **8.** Маленков. **12.** Бру. **13.** Тау. **17.** Унафэ. **18.** ПIэрыгъ. **19.** Дапхъэ. **20.** Пэшэгъу. **23.** КъардэнгъущI. **24.** Абрэмывэ. **25.** Хьэцэпэпэ. **29.** Хьэкъ. **30.** Ужьэ. **35.** Данэ. **37.** Пщае. **38.** Бгъэ. **40.** Жьым.

● Хьэлыгъуанэхэр

Хьэлыгъуанэхэр

ЗэрыгIысхьэну кхъухьлъатэм чэзум пэплъэу хьэджэбзыр аэропортым щIэст. И рейсыр ягъэгувати, кхъухьлъатэм сыхьэт зыбжанэкIэ екъэн хуей хъуащ. Тхыльрэ хьэлыгъуанэрэ кьищащри, зэманыр игъэкIуэну щэнтжьейм итысхьащ. Хъыджэбзым зы щэнт кьыбгъэдэтти, и хьэпшыпэр абы трилъхьри, и тхылъыр зэпиплъыхьын щидзащ... Пэмыжыжьэу зы щалэ щыст, газет еджэу. Хьэлыгъуанэм зы кхъухьри ишхащ хъыджэбзым. ЩIалэри хьэлыгъуанэмкIэ мэлэбэ, кьецIэри ешх. Хъыджэбзыр зэгуапащ, ауэ зыри жиIакъым.

Сытми... ТIури хэIэбэурэ, зы хьэлыгъуанэ фIэкIа крамынауэ, хъыджэбзыр егупсасащ: «Мы укIытэ зимыIэм сыту пIэрэ иджы ищIэнур... Сыпэлъэнти...». ЩIалэм хьэлыгъуанэр кьищтэщ тIуу зэпищIыкIри, кьыдэмыпIъеиххэу и ныкъуэр хъыджэбзым хуишиящ...

Хъыджэбзыр кхъухьлъатIэм итIысхьауэ, и сумкэм дэIэбэмэ, аэропортым кьыщищэхуа хьэлыгъуанэхэр дэлът. КьищIэжащ: хьэлыгъуанэхэр кьыдихагъэххэтэкъым. Хъыджэбзыр укIытэкри пльыжь хъуащ. УкIытэ имыIэу кьиIыытэу зыхъэзгъэпа щIалэм и хьэлыгъуанэр ишхыу щысати, зыри кьыжриIакъым, нэщхъкIи кьеплъакъым. Гуапэу кьыдэгъэщащ. ЩIегъэжат хъыджэбзыр, ауэ абы Iэмал иIэтэкъым и кьуаншагъэр игъэзэкIуэжыну - кхъухьлъатэм зиIэтат.

ГУIЭТ Зитэ.

● Дэ къытхуатх

Дыгъужь шыр

Дыгъужь анэм, и шырым иужь дыдэу кьыхуеплъэкIыжри, и нэхэр лъэмыкIыу эзтрипIащ. Абы зэхихьжыбртэкъым и шырыр зэрыпщIэур. А пщIэу макъым кьыхэщырт ар зэрызеиншэр, зэрызыфIэгъэнэхьыжьр, зэрыдзIэпIэкъуэгъэпшэр. Псэ зыхэмытыж анэр шырым кьыпIыкIыу, зэрыщыгурэ щымыIэу, епэщIэуащ. Ауэ анэм и мэ Iэфыр кьыщыщIимыхьэжьым, абы и щхьэр къыIуихри, и занщIэр и гъэгуу ежьащ. ЗэманыфIкIэ къиуащыхьа нэужь, ар гъэзгум гъунэгъу хуэхъуащ. Шыр делэ щыкIум кьыгурыуэртэкъым абы щыIэтауэ къыщыгъэпльэнкIэ зэрыхъунур. Ар нэкIуэпакIуэу гъуэгум техьэри, и лъакъуэхэр щIиукъуэдиикIащ. Машинэ кьакIуэр щилъэгъуам, абы зигъэхъеякъым. Къэуыыла машинэм щIалэр кьикIыу щыбгъэдыхьэм, дыгъужь шырым и щхьэр щхьэхэнэ-щхьэнэ зэхъуэпсыну зэрыгъэтащ. Гъуэгум тельыр щIалэм фIэгъэщIэгъуэну зэпеплъыхь:

- Уэ! Ельрэ мыр! Хэт игъащIэм илъэгъуа дыгъужь шыр! Анэр гъунэгъуу щымыIэу пIэрэ? - иопсалъэ ар шырым. ИужькIэ, дыгъужь анэр кьыкъуэкIмэ, жери шынэри зэридзэжри хуэму ежьащ. КьызэплъэкIмэ, дыгъужь шырыр машинэм кьыкIэлъыжэрт. ЩIалэм машинэр кьигъэувыIэри, сакъыу зиплъыхьащ. Iэгъуэблагъэм зыри щыщимыльагъум, ар кьикIри псэущхьэ щыкIуэ бгъэдыхьащ. Дыгъужь шырым тхъэмыщкIафэ дыдэ тетт, и цыр уат, мэжалIэуи кьыщIэкIынут.

- Уэ сэ сльагъуэ уи анэр псэужу къыщымыIэу, епэщIэуащ. Хъунщ-тIэ, накIуэ си гуэсэу. Уэ уехъулIащ сэ укъызэрысхуэзамкIэ. Сэ, пщIэрэ, сыгущIэгъулыщ, псэущхьэхэр фIыуэ солъагъу, итIанэ си кьуэшыр щиркым щолажьэ. Абы ухуэсхьмэ, кьыпщыгуфIыкIынущ икIи егъэзыпIэ кьыпхуигъэтысфынущ.

Пэж дыдэу, Макс дыгъужь шырым щыгуфIыкIащ. Абы псом япэ дохутыр кьриIэпльати, зэрыузынщэр кьыжриIащ. Ар шхынкIэ къулейсызу ара къудейт. Макс дыгъужьыр шэ хуабэ иригъафэри, гъущащIэм щIигъэтIысхьащ.

ПщыхьащхькIэм унэм кIуэжа иужь и кьуэпщIащ дыгъужь шырым и Iэху зытетымкIэ.

- Узынщэ цIыкIущ, шэ ефэри Iурихауэ сыкъэкIуэжащ. Пщэдей унафэ тэмэм хуэтщIынщ, дызэчэнджэщынщи.

- Циркым щыпIыгъынщ. Уегугъумэ, уеIалIэмэ, сэбэп кьыпхэхуэжынщ, зыгурэрхэм хуебгъэсэнщи, зыкъиигъэлъэгъэнщ, адрей псэущхьэхэми хуэдэу.

- ЖьапIэр сыт?! Дыгъужьым циркым зыкъыщигъэлъагъуэу, е ар цIыхухэм я пащхьэм кьыщыфэу игъащIэм плъэгъуа уэ?! - и кьуэшым «хьэуэ» кьригъэкIыу и щхьэр щIыщIым, абы пищащ: - Аращ-тIэ, икIи щыпIыгъэгъунукъым. Абыхэм хуитыныгъэр фIыщэу яIагъу, дыгъужьхэр зэи цIыхум Iурыщ1э, Iэсэ зэхущIынукъым. И псэр езым хихьжмэ нэхъ кьищтэнщ, зыгуэрым хуэжьIэщ1э нэхърэ. Асльэным е пылым хуэдэу ахэр зэи гъущI хъарым щаIыгъыу, пIалъэ-пIалъэкIэ щхьын епту пхуэгъэсэнхъым... Мы шырым и анэр псэууэ щытамэ, зэи кьулейсыз хъунутэкъым. Сэ ар, и ныбжь нэсмэ, и гуэныхь къэзмыхьу, сутIыпщыжынущ.

ЗэрыжиIам хуэдэу, Макс елIалIэу дыгъужь шырыр игъащхэрт, мэзым ишэурэ кьыщригъэжьихьырт, ар абы къригъэщIыхурт, ззззмызз дзыгъуэ цIыкIуэхэр кьригъэубыдырт. Шэ ефэн зэрыщигъэтыжу, абы ар ишэри мэзым щхьэхуиту щIиутIыпщхьэжащ.

МЭЛЕЙ ФатIимэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр
Хьэфыцlэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жылаесэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжьыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэ.

Адыгэ псалъэ
Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядолжьэныжьмкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехэм жиуэ жэуап ахъ. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору Нэщ1эныджэ Замирэ, корректору Щоджэн Заирэ, корректорым и дэIэпыкъуэгъу Мырзэкъан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Ныр Саидэ, Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ. *Сурэтхэм елэжьар* Биту Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.648● Заказ №2250